



PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL

TAHUN PELAJARAN 2024/2025

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Basa Jawa
Kelas : V (Lima)
Hari/Tanggal :
Waktu :

Nama :
Nomor :
Kelas :

I. Pilihlah siji jawaban sing paling bener !

1. Sajroning pawarta ngandharake kedadeyan kang lagi dumadi ing sawijining daerah. Upamane kedadeyan kang gawe mirising ati yaiku lindhu lan tsunami ing Palu nalika sasi September 2018. Saka katrangan kasebut bisa dimangerteni jinis pawarta kang dikarepake yaiku pawarta....
 - a. crita
 - b. dadakan
 - c. dinan
 - d. lumrah
2. Deskripsi iku uga duwe teges perincian utawa
 - a. proses
 - b. gambaran
 - c. katrangan
 - d. urutan
3. Gancaran kang menehi katrangan menehi informasi marang pamaca diarani wacan
 - a. deskripsi
 - b. argumentasi
 - c. narasi
 - d. eksposisi

4. Kang dicritakake ing wacan deskripsi yaiku.....
 - a. proses
 - b. kahanan sawijining objek
 - c. sawijine kedadeyan
 - d. ngandharake panemu

5. Wacan deskripsi kang surasane adhedhasar pengamatan klebu rincian utawa gambaran
 - a. panemu
 - b. urutan wektu
 - c. kasunyatan
 - d. pamikiran

6. Wacan narasi kang surasane adhedhasar pengamatan klebu rincian utawa gambaran
 - a. panemu
 - b. urutan wektu
 - c. kasunyatan
 - d. pamikiran

7. Katrangan kang ngandharake babagan wacan deskripsi yaiku.....
 - a. gancaran kang surasane menehi gambaran cetha saka sawijining kahanan utawa objek
 - b. gancaran kang isine nyritakake kedadeyan kanthi runtut manut urutan wektu
 - c. gancaran kang surasane menehi informasi utawa nambahi kawruhe pamaca
 - d. gancaran kang isine babagan panemu kinanthenan alesan tinemu nalar kanggo mang- aribawani pamaca

8. Titikan wacan deskripsi yaiku.....
 - a. mangaribawani pamaca
 - b. nyritakake lelakon
 - c. mrinci objek
 - d. migunakake boso krama

9. Kang **ora** bisa digambarake saka objek “semongko” lumantar wacan deskripsi yaiku.....
- kasenengane
 - bentuke
 - wernane
 - rasane
10. Ing ngisor iki irah-irahan kang trep kanggo wacan deskripsi yaiku
- Ayo Nguri-uri Dolanan Tradhisional !
 - Panganan Tradisional Klepon
 - Ngundha Layangan
 - Dolanan Kang Mupangat
11. Babagan kang **ora** kudu digatekake nalika gawe karangan yaiku
- nemtokake irah-irahan
 - nganggo aksara Latin
 - dawane wacan
 - nemtokake tokoh
12. Ing ngisor iki kang kudu ditindakake amrih panulisan teks deskripsi dadi becik yaiku.....
- nemtokake objek kang arep ditulis
 - nyathet perangan kanthi sakkarepe
 - nindakake tanggapan
 - maca saklebatan
13. Kang klebu pawarta awujud internet yaiku
- kalawarti
 - website
 - blog
 - ariwarti
14. Kang nuduhake unsur kapan yaiku
- ing kidul desa
 - wingi sore
 - amarga udan deres
 - tuku roti

15. Ing ngisor iki **ora** klebu tuladha pawarta dadakan, yaiku.....
- a. pawarta objek wisata
 - b. kacilakan montor
 - c. banjir
 - d. kobongan
16. Kang klebu pawarta awujud internet yaiku.....
- a. kalawarti
 - b. website
 - c. cerita kobongan
 - d. ariwarti
17. Kang nuduhake unsur neng ngendi yaiku.....
- a. ing kidul desa
 - b. wingi sore
 - c. amarga udan deres
 - d. roti bolu
18. Jinising basa rinengga maneka warna. Upamane kaya ing ukara
Widheng galeng, Apa tekamu padha.....?
Tembung kang trep kanggo njangkepi wangsalan ing dhuwur yaiku....
- a. slamet
 - b. raharja
 - c. wilujeng
 - d. rahayu
19. Ardi dolanan karo kanca-kancane katon sumyah gumbira. Tembung sumyah
gumbira kagolong tembung.....
- a. camboran
 - b. entar
 - c. saroja
 - d. lugas
20. Ketua kelasku pawakane gagah pideksa, mripate blalak-blalak, pundhake nraju
mas, lengene.....
- a. blarak sempal

- b. liyep alindri
 - c. mucang kanginan
 - d. nggendhewa pinenthang
21. Unen-unen utawa tetembungan sing saemper cangkriman, nanging batangane (wangsulane) wis dikan- dhakake sanadyan ora blaka suta diarani.....
- a. parikan
 - b. wangsalan
 - c. cangkriman
 - d. geguritan
22. Pak Rahmat asring dijaluki panemu saweneh babagan amarga pengalamane sing *njajah desa milang kori*.
Tembung sing kacithak miring klebu.....
- a. paribasan
 - b. saloka
 - c. tembung entar
 - d. bebasan
23. Bocah sing dawa.....ora disenengi kancane amarga kerep njupuk barang duweke liyan.
- a. tangane
 - d. nalare
 - c. pikire
 - d. atine
24. Basa kang dipaes dadi basa kang endah diarani basa.....
- a. pacelathon
 - b. bagongan
 - c. krama
 - d. rinengga
25. Balung janur, ... lunga apa ora?
Tembung kang mathuk kanggo ganepi ukara kasebut yaiku
- a. sada
 - b. arep
 - c. sida
 - d. melu

26. Sinta pancen bocahe ayu, rambute ngembang bakung, pipine nduren sajuring, drijine.....

- a. mucuk eri
- b. miji timun
- c. emas sinangling
- d. damar kanginan

27. Jangan gori, ngantianggonku ngrasakake.

Tembung kang mathuk kanggo ganepi ukara kasebut yaiku

- a. mumet
- b. cengklungen
- c. judheg
- d. sayah

28. Warga Desa Tegalsari gugur gunung gawe gapura kanthi guyub rukun.

Tembung gugur gunung klebu.....

- a. tembung camboran
- b. tembung entar
- c. tembung saroja
- d. purwakanthi swara

29. Tembang macapat Sinom nggambarake kahanane manungsa kang lagi.....

- a. ngangsu kawruh saakeh-akehe
- b. wis kacukupan uripe sandhang, pangan, lan papan
- c. tinimbangan marak sowan ing ngarsane Gusti Kang Maha- kuwasa
- d. kahanan manungsa ana jero kandhutan ibu.

30. Cacahing gatra saben sak pada iku diarani.....

- a. Guru lagu
- b. Guru wilangan
- c. Guru sastra
- d. Guru gatra

31. Tembang macapat saliyane kawengku paugeran kang gumathok, uga duwe watak lan sasmita dhewe. Upamane, duwe sipat nelangsa, prihatin, lan keranta-ranta. Pratélan iku diduweni dening tembang
- Pocung
 - Maskumambang
 - Megatruh
 - Maskumambang
32. Tibaning swara wanda ing pungkasané gatra iku diarani.....
- Guru lagu
 - Guru wilangan
 - Guru sastra
 - Guru gatra
33. Gatekna pratelan ing ngisor iki!
- (1) Sasmita tembange yuda- kenaka.
 - (2) Kadhapuk saka patang gatra.
 - (3) Paugerane 12i, 6a, 8i, 8a.
 - (4) Watake antepan ati, gagah.
 - (5) Paugerane 12u, 6a, 8i, 12a.
 - (6) Sasmitane kaluwak lan wanda cung.
- Pratélan sing trep kanggo tembang Pocung katuduhake nomer.....
- (1), (3), lan (4)
 - (2), (5), lan (6)
 - (2), (3) lan (4)
 - (4), (5), lan (6)
34. Miturut jenising ana telu, yaiku.....
- tembang gedhe, tembang dhuwur, tembang alit
 - tembang gedhe, tembang tengahan,, tembang alit
 - tembang dhuwur , tembang tengahan, tembang alit
 - tembang gedhe, tembang dhuwur, tembang cendek

35. Tembang sing klebu tembang alit yaiku.....

- a. tembang gedhe
- b. tembang dhuwur
- c. tembang macapat
- d. tembang kusumastuti